18+




Генрих Гейне

# ÆМДЗÆВГÆТÆ

Санахъоты Юляйы тæлмац

Генрих Гейне

# Æмдзæвгæтæ. Санахъоты Юляйы тæлмац

«Издательские решения»

**Гейне Г.**

Æмдзæвгæтæ. Санахъоты Юляйы тæлмац / Г. Гейне — «Издательские решения»,

ISBN 978-5-00-561117-8

Гейнейы поэзи уыд тынг популярон Уæрæсейы. Тæлмац æй кодтой Лермонтов, Тютчев, Блок æмæ æндæртæ. Иронау дæр дзы ис иу-цалдæр æмдзæвгæйы. Фæлæ йын хицæн чиныг мыхуыр цæуы фыццаг хатт — Санахъоты Юляйы тæлмæцтæ.НафиКнига публикуется в авторской орфографии и пунктуации.

ISBN 978-5-00-561117-8

© Гейне Г.

© Издательские решения

# Содержание


| | |
|---|---|
| Азыр | 7 |
| Der Asra | 8 |
| «Атлант дæн æз, – æнамондты фыддæр!..» | 9 |
| «Ich unglücksel'ger Atlas! Eine Welt…» | 10 |
| «Æвиппайды ацæуынц азтæ…» | 11 |
| «Die Jahre kommen und gehen…» | 12 |
| «Æрдæгæхсæв. Уазал. Æмыр…» | 13 |
| «Die Mitternacht war kalt und stumm…» | 14 |
| «Æрдзы уаз зæлтæ сындæг…» | 15 |
| «Leise zieht durch mein Gemüt…» | 16 |
| Æхсæвы хъуыдытæ | 17 |
| Nachtgedanken | 19 |
| Гимн | 21 |
| Hymnus | 22 |
| «Дæ фыстæджы зын фарстæй…» | 23 |
| «Der Brief, den du geschrieben…» | 24 |
| «Ды – дидинау хæрзаив, …» | 25 |
| «Du bist wie eine Blume…» | 26 |
| «Ды сомбон куы бауай мæ бинойнаг…» | 27 |
| «Und bist du erst mein ehlich Weib…» | 28 |
| «Дыууæ уды куы кæнынц хицæн…» | 29 |
| «Wenn zwei voneinander scheiden…» | 30 |
| Конец ознакомительного фрагмента. | 31 |

# Æмдзæвгæтæ
# Санахъоты Юляйы тæлмац
# Генрих Гейне

*Æгæндæг Цæгаты ис цунæг цъæх нæзы, —*
*Гæмæх рагъы тигъæй кæсы.*
*Дыдзы фынæй баци йæ митын пæлæзы, —*
*Рæу дымгæ йæ узы, хæссы.*
*Æмæ йæм йæ мидвынты афтæ фæкæсы, —*
*Кæм ыссæуы райгæ хур, уым*
*Сыгъд зæххыл, сыгъд-уырыд къæдзæхы сæр рæзы*
*Хæрзуд пальмæ, – цунæг, æрхуым.*
*(Нафийы тæлмац)*

© Генрих Гейне, 2022
ISBN 978-5-0056-1117-8
Создано в интеллектуальной издательской системе Ridero



# Азыр

Паддзахы рӕсугъд чызг уадис
Фантанӕн йӕ цурмӕ «рвылбон.
Ам пырхӕндӕгӕй уӕд калдис
Арвмӕ, заргӕйӕ, ӕвзист дон.

Алы´зӕр цагъар лӕууыдис
Фантанӕн йӕ фарсмӕ «нкъардӕй.
Чызджы фенынмӕ бӕллыдис
Тади цӕсты раз йӕ уарзтӕй.

Сау рӕсугъд ӕм бацыд иу бон,
Уымӕ цалдӕр фарста радта:
«Чи дӕ ды, цы знӕмӕн – хиуон,
Гъе, цы бӕстӕй´рхаудтай ардӕм?»

Дзуры лӕппу уӕд ныллӕгӕй:
«Азыр – Йеменӕй, Мӕхӕмӕт.
Уарзы махӕй лӕг ӕцӕгӕй,
Уӕд йӕ фӕсхъус ис йӕ мӕлӕт».

# Der Asra

Täglich ging die wunderschöne
Sultanstochter auf und nieder
Um die Abendzeit am Springbrunn,
Wo die weißen Wasser plätschern.

Täglich stand der junge Sklave
Um die Abendzeit am Springbrunn,
Wo die weißen Wasser plätschern;
Täglich ward er bleich und bleicher.

Eines Abends trat die Fürstin
Auf ihn zu mit raschen Worten:
Deinen Namen will ich wissen,
Deine Heimat, deine Sippschaft!

Und der Sklave sprach: Ich heiße
Mohamet, ich bin aus Yemen,
Und mein Stamm sind jene Asra,
Welche sterben, wenn sie lieben.

# «Атлант дæн æз, – æнамондты фыддæр!..»

Атлант дæн æз, – æнамондты фыддæр!
Хæссон æз хъуамæ сау зæххы уæззау сон.
Ысфæразæн цæмæн нæй, уый фæразон,
Кæд уымæй зæрдæ атондзæн, уæддæр.

О, хъал зæрдæ! Дæхи бæллиц куы уыд.
Дæу амондæй фæрныг уæвын фæндыд…
Ды дунейы фыдхъыгтыл кодтай зыд;
Рай, хъал зæрдæ! Дæ фæндиаг æрцыд!

## «Ich unglücksel’ger Atlas! Eine Welt…»

Ich unglücksel’ger Atlas! Eine Welt,
Die ganze Welt der Schmerzen, muß ich tragen,
Ich trage Unerträgliches, und brechen
Will mir das Herz im Leibe.

Du stolzes Herz! Du hast es ja gewollt!
Du wolltest glücklich sein, unendlich glücklich,
Oder unendlich elend, stolzes Herz,
Und jetzo bist du elend.

# «Æвиппайды ацæуынц азтæ…»

Æвиппайды ацæуынц азтæ,
Фæлтæртæ ивылынц мæрдтæм.
Æрмæст нæй ивгъуыйæн мæ уарзтæн,
Æнусты мæ риуы цæрдзæн.

Бæргæ ма дæ иу хатт куы фенин,
Æрлæууин мæ зонгуытыл уæд.
Мæлгæйæ дæумæ дзурæг фестин:
«Мадам, ды— мæ уарзон, мæ зæд!»

# «Die Jahre kommen und gehen…»

Die Jahre kommen und gehen,
Geschlechter steigen ins Grab,
Doch nimmer vergeht die Liebe,
Die ich im Herzen hab.

Nur einmal noch möcht ich dich sehen,
Und sinken vor dir aufs Knie,
Und sterbend zu dir sprechen:
«Madam, ich liebe Sie!»

# «Æрдæгæхсæв. Уазал. Æмыр…»

Æрдæгæхсæв. Уазал. Æмыр.
Æндзыг хъæды зилын æз ныр.
Фæсырдтон æнафоны бæлæсты фын.
Æнкъуыстой сæ сæртæ, æмбæрстой мæ зын.

# «Die Mitternacht war kalt und stumm…»

Die Mitternacht war kalt und stumm;
Ich irrte klagend im Wald herum,
Ich habe die Bäum aus dem Schlaf gerüttelt;
Sie haben mitleidig die Köpfe geschüttelt.

# «Æрдзы уаз зæлтæ сындæг…»

Æрдзы уаз зæлтæ сындæг
Зæрдæйы куы хизынц.
Зарæг уалдзыгон цæрдæг
Айзæлд, кæмтты зилы.

Дидиндонмæ атæх цырд,
Æрдзæн уым йæ фидыц.
Уардимæ фæхæсс мæ дзырд, —
Зæрдæ йыл нæ ивын.

# «Leise zieht durch mein Gemüt…»

Leise zieht durch mein Gemüt
Liebliches Geläute,
Klinge, kleines Frühlingslied,
Kling hinaus ins Weite.

Kling hinaus, bis an das Haus,
Wo die Blumen sprießen.
Wenn du eine Rose schaust,
Sag, ich laß sie grüßen.

# Æхсæвы хъуыдытæ

Германæй иппæрд – уый мæ зын,
Æхсæв мæ цæст нæ кæны цъынд.
Кæсын æм дзагъырдзастæй, дардæй,
Мæ цæссыг нал уромын йардæй.

Ызгъорынц азтæ, бон цæуы!
Кæмдæр мæ ныййарæг кæуы.
Дыууадæс азы йæ нæ уынын;
Хъынцъым кæнын мæ хъал, мæ фыны.

Мæ сагъæс бонæй-бон фыддæр,
Мæ мады рухс фæлгонц ныр дæр
Мæ цæсты раз лæууы, нæ хизы.
Хуыцау, ды йын фæу сæрхъызой!

Йæ хъæбулы куыд уарзы мад, —
Йæ цард æнæ мæн у æнад.
Фыссы мæм, уæд йæ къух æвдисы,
Йæ зæрдæ адæргæ куыд риссы.

Æдзух мæ хъуыдыйы мæ мад,
Ныр дæн дыууадæс азы дард, —
Ныййарæгимæ не стæм иумæ…
Тæхуды уый нылвас дæ риумæ!

Герман æнусон у, хъæддых,
Тыхгæнæг ын нæ кæны тых.
Йæ тулдз, йæ сусхъæдтæм та ногæй
Цæудзынæн фидæнмæ уæнгрогæй.

Фыдызæххæй кæй дæн æз дард,
Нæ уаин уый охыл æнкъард,
Фæлæ мæ мад… Нæу зæххæн ницы,
Зæрондмæ та мæлæт æмхиц у.

Нæ зæххæй рагæй дæн æддæ,
Фæцыд уым бирæтæ мæрдтæм,
Кæй уарзтон, уыдонæй… Сæ хъарæг,
Сæ мысынæй мæ уд æснарæг.

Куы сæ фæнымайын, – мæ мæт
Кæны фыддæр, хъыггагдæр уæд:
Цыма сæ уæлмæрд ис мæ риуы,
Мæ сау зæрдæ æррайау ниуы.

Хуыцауӕй бузныг! Бон фӕцъӕх,
Ныууарыд рухсы тынтӕй зӕгъ.
Фӕзынди ме´фсин, бонау аив,
Мӕ мӕт йӕ цӕсты рухсӕй айвылд

# Nachtgedanken

Denk ich an Deutschland in der Nacht,
Dann bin ich um den Schlaf gebracht.
Ich kann nicht mehr die Augen schließen,
Und meine heißen Tränen fließen.

Die Jahre kommen und vergehn!
Seit ich die Mutter nicht gesehn,
Zwölf Jahre sind schon hingegangen;
Es wächst mein Sehnen und Verlangen.

Mein Sehnen und Verlangen wächst,
Die alte Frau hat mich behext.
Ich denke immer an die alte,
Die alte Frau, die Gott erhalte!

Die alte Frau hat mich so lieb,
Und in den Briefen, die sie schrieb,
Seh ich, wie ihre Hand gezittert,
Wie tief das Mutterherz erschüttert.

Die Mutter liegt mir stets im Sinn.
Zwölf lange Jahre flossen hin,
Zwölf lange Jahre sind verflossen,
Seit ich sie nicht ans Herz geschlossen.

Deutschland hat ewigen Bestand,
Es ist ein kerngesundes Land;
Mit seinen Eichen, seinen Linden
Werd ich es immer wiederfinden.

Nach Deutschland lechzt ich nicht so sehr,
Wenn nicht die Mutter dorten wär;
Das Vaterland wird nie verderben,
Jedoch die alte Frau kann sterben.

Seit ich das Land verlassen hab,
So viele sanken dort ins Grab,
Die ich geliebt – wenn ich sie zähle,
So will verbluten meine Seele.

Und zählen muß ich – Mit der Zahl
Schwillt immer höher meine Qual,
Mir ist, als wälzen sich die Leichen
Auf meine Brust – Gottlob! sie weichen!

Gottlob! durch meine Fenster bricht
Französisch heitres Tageslicht;
Es kommt mein Weib, schön wie der Morgen,
Und lächelt fort die deutschen Sorgen.

# Гимн

Зынг кард дæн æз æмæ цæхæр арт.

Æз кодтон рухс сымах фæндаг фыдтары, æмæ куы сцырын тох, хæцыдтæн уæд фыццаг рæнхъыты, разæй.

Мæ алыварс ме´мбæлттæ мардæй лæууынц, фæлæ мах фестæм уæлахиз. Мах фестæм уæлахиз, фæлæ мæ алыварс ме´мбæлттæ зæххыл æдзæмæй хуыссынц. Уæлахизы зарджытæй мардмысæн хъарджытæ хъуысы. Фæлæ нæй махæн рæстæг нæ цинæн, нæ – фыдохæн. Нæрынц та гуымсæгтæ,´сног та и хæст…

Зынг кард – æз ныр æмæ цæхæр арт.

«… цирхъ-иу мын сæвæрут мæ табæтыл, уымæн æмæ æз уыдтæн хъæбатыр салдат адæймагад сæрибаргæнæн хæсты».

*Г. Гейне*

# Hymnus

Ich bin das Schwert, ich bin die Flamme.

Ich habe euch erleuchtet in der Dunkelheit, und als die Schlacht begann, focht ich voran, in der ersten Reihe.

Rund um mich her liegen die Leichen meiner Freunde, aber wir haben gesiegt. Wir haben gesiegt, aber rundumher liegen die Leichen meiner Freunde. In die jauchzenden Triumphgesänge tönen die Choräle der Totenfeier. Wir haben aber weder Zeit zur Freude noch zur Trauer. Aufs neue erklingen die Trommeten, es gilt neuen Kampf —

Ich bin das Schwert, ich bin die Flamme.

«…ein Schwert sollt ihr auf den Sarg legen; denn ich war ein braver Soldat im Befreiungskampf der Menschheit».

*H. Heine*

# «Дæ фыстæджы зын фарстæй…»

Дæ фыстæджы зын фарстæй
Цы тæрсын кæныс мæн?
Фыссыс, ды мæн нæ уарзтай, —
Цы тыхсыс уæд, цæмæн?

Æхсæз сыфы, лыстæг фыст, —
Чысыл къухæн йæ фæд.
Дæрддыл фыссын – дзæгъæл куыст,
Куы нæ уал уарзай, уæд.

# «Der Brief, den du geschrieben…»

Der Brief, den du geschrieben,
Er macht mich gar nicht bang;
Du willst mich nicht mehr lieben,
Aber dein Brief ist lang.

Zwölf Seiten, eng und zierlich!
Ein kleines Manuskript!
Man schreibt nicht so ausführlich,
Wenn man den Abschied gibt.

# «Ды – дидинау хæрзаив, …»

Ды – дидинау хæрзаив, —
Уæздан, рæсугъд, сыгъдæг.
Æмæ мæ удмæ катай
Æрбахъуызы сындæг.

Фæзæгъын: райс йæ зынтæ, —
Уый уаз хæсыл нымай!
Хуыцауæй иу хорз курын, —
Цæстæй дын ма уæд хай!

# «Du bist wie eine Blume…»

Du bist wie eine Blume,
So hold und schön und rein;
Ich schau dich an, und Wehmut
Schleicht mir ins Herz hinein.

Mir ist, als ob ich die Hände
Aufs Haupt dir legen sollt,
Betend, daß Gott dich erhalte
So rein und schön und hold.

# «Ды сомбон куы бауай мæ бинойнаг…»

Ды сомбон куы бауай мæ бинойнаг,
Кæндзæни дæм алчи хæлæг,
Нæ цард та уыдзæни тæхудиаг,
Хæсдзæни дын амонд дæ лæг.

Дæумæ æз, дæ тæргæйттæм, не стигъ дæн,
Уыдзынæн дæ бустæм фæлмæн.
Æрмæст мын куы не´ппæлай ме стихтæй,
Уæд демæ цæринаг нæ дæн.

# «Und bist du erst mein ehlich Weib…»

Und bist du erst mein ehlich Weib,
Dann bist du zu beneiden.
Dann lebst du in lauter Zeitvertreib,
In lauter Pläsier und Freuden.

Und wenn du schiltst und wenn du tobst,
Ich werd es geduldig leiden;
Doch wenn du meine Verse nicht lobst,
Laß ich mich von dir scheiden.

# «Дыууæ уды куы кæнынц хицæн…»

Дыууæ уды куы кæнынц хицæн,
Иу иннæмæ ратты йæ къух.
Цæссыг – тæрккъæвда —́вдисæг, —
Зæрдæйы рухс фæцух.

Нæ калдтам мах цæссыгтæ,
Нæ кодтам ох æмæ ах.
Цæссыгтǽмæ хъынцъымтæ
Æрæййафдзысты мах.

## «Wenn zwei voneinander scheiden…»

Wenn zwei voneinander scheiden,

# Конец ознакомительного фрагмента.

Текст предоставлен ООО «Литрес».

Прочитайте эту книгу целиком, купив полную легальную версию на Литрес.

Безопасно оплатить книгу можно банковской картой Visa, MasterCard, Maestro, со счета мобильного телефона, с платежного терминала, в салоне МТС или Связной, через PayPal, WebMoney, Яндекс.Деньги, QIWI Кошелек, бонусными картами или другим удобным Вам способом.